



Prairie Dash 5K at Conner Prairie
ENSKRIPSYON PÈMÈ POU PHOTO
Tampri ranpli epi retounen bay lidè pwogram nan lekòl ou

CONNER
PRAIRIE
STEP INTO THE STORY

Pre Nom	Siyati							
Adrès								
Vil	Eta	Zip						
Non Paran/Gadyen								
Paran/Gadyen Email	Numewo Tele							
Non Lekòl la	Klas	Non Pwofesè						
Dat Nesans	Sèks							
Gwosè Chemiz (chwazi youn): Gwosè Inisèks								
XXS	XS	S	M	L	XL	XXL		
Non kontak ijans (si diferan pase pi wo a)				Numewo Telefòn kontak ijans (si diferan pase pi wo a)				

Mwen li enfomasyon ki akonpaye evènman an epi mwen konprann règ evènman an. Mwen konnen kouri ak mache nan yon kous sou wout se yon aktivite ki kapab danjere. Mwen pa ta dwe patisipe sof si mwen an bon kondisyon medikal epi byen antrene. Mwen dakò pou m respekte nenpòt desizyon ofisyèl kous la konsènan kapasite mwen pou mwen fini kous la san danje. Mwen konnen tou, menm si lapolis ap bay pwoteksyon, ka gen trafik sou chemen kous la.

Konnen tout bagay sa yo, epi an konsiderasyon pou aksepte enskripsyon mwen, mwen menm, fanmi mwen, oswa nenpòt lòt moun ki ka fè reklamasyon sou non mwen, RENONSE, LIBERE AK DEGAGE Conner Prairie, tout patwone ak patnè yo, Vil Fishers, Eta Indiana, MSD Lawrence Township, MSD Lawrence Township Foundation Inc., ofisyèl kous yo, travayè yo, ak volontè yo, ansanm ak ekzekitè ak administratè yo (yo rele ansanm "Pati Lage Yo"), de TOUT reklamasyon oswa responsabilite kèleswa sa li ye, previzib oswa enprevizib, ki enkli men pa limite a lanmò, blesi pèsònèl, oswa domaj sou byen ki soti nan oswa ki gen rapò ak patisipasyon mwen nan evènman sa a, kèleswa si sa a te koze pa neglijans Pati Lage Yo oswa nenpòt lòt pati. Anplis de sa, mwen menm, fanmi mwen, oswa nenpòt moun ki ta ka fè reklamasyon sou non mwen, mwen pran angajman pou mwen pa mennen okenn Pati Lage Yo nan tribunal pou okenn bagay ki lage nan deklarasyon sa a, ki enkli men pa limite a neglijans Pati Lage Yo oswa lòt moun. Mwen aksepte tout risk pèt, domaj, oswa blesi (ki enkli lanmò) ki asosye ak patisipasyon volontè mwen nan evènman sa a, ki gen ladan men pa limite a tonbe; kontak ak lòt patisipan; efè move tan an, tankou tanperati ekstrèm; trafik; tout kondisyon wout la; ak/oswa neglijans Pati Lage Yo oswa lòt moun; tout risk sa yo mwen konnen yo epi mwen aksepte yo.

Mwen otorize Lawrence Township School Foundation pou I pibliye foto yo pran pandan evènman an ak aktivite ki gen rapò ak li, ansanm ak non mwen ak imaj mwen, pou itilize nan Prairie Dash 5K nan Conner Prairie sou materyèl maketing enprime, sou entènèt, ak vidèyo, ansanm ak lòt piblikasyon ak materyèl pwomosyonèl Konpayi an.

Mwen libere epi mwen retire tout atant rezonab sou vi prive oswa konfidansyalite ki asosye ak imaj sa yo.

Mwen rekonèt tou ke patisipasyon mwen se volontè epi mwen pap resevwa okenn konpansasyon finansye pou patisipasyon mwen nan evènman an oswa pou itilizasyon foto sa yo nan materyèl maketing Konpayi an oswa lòt piblikasyon Konpayi an. Mwen rekonèt epi mwen dakò ke piblikasyon foto sa yo pa ba mwen okenn dwa sou pwopriyete oswa woyalite.

Lè mwen siyen fòm sa a, mwen bay pèmisyon pou pitit gason/pitit fi mwen patisipe nan pwogram Up and Running lan, ki gen ladan pratik, kous, ak tout lòt aktivite ki gen rapò, epi mwen otorize non ak imaj pitit mwen parèt nan materyèl pwomosyon LTSF yo.

Siyati Paran oswa Gadyen _____ Dat _____





LET'S GET FIT!

Pwogram *Up & Running* la louvri pou tout elèv (nan tout nivo kapasite) ki soti nan 4yèm ane ale anlè. Misyon *Up & Running* se ankouraje elèv yo pou yo eksperimente benefis mete objektif, devlope karaktè, jwenn mentorat ak granmoun, epi amelyore sante yo lè yo ofri yo yon eksperyans ki ka chanje lavi yo. Objektif la se antrene epi patisipe nan **Prairie Dash 5K** ki ap fèt **17 me 2025**.

Sa yo se atant ak kondisyon pou patisipasyon:

- Peye yon **frè pwogram \$25 pou kous 5K** la. Frè sa a kouvri sesyon antrènman ak frè enskripsyon kous la. Menm si ou oswa pitit ou pa patisipe nan kous la, frè sa a dwe peye.
- Asistans finansye disponib pou elèv yo. Tanpri fè mentor pitit ou mete yon nòt sou fòm sa a pou konsiderasyon.
- Kourè yo dwe angaje yo pou antrene de jou pa semèn apre lekòl ak lidè granmoun (paran oswa fanmi responsab pou transpò).
- Yon jou adisyonèl egzèsis kadyovaskilè obligatwa pandan semèn nan (sou pwòp tan ou).
- Pwogram nan louvri pou tout elèv ki nan 4yèm ane oswa pi gran.
- Tanpri voye yon boutèy dlo ak yon ti goute pou patisipan an.
- Pwofesè a ak/oswa mentor la gen dènye desizyon pou detèmine si ou menm ak pitit ou respekte kondisyon sa yo.

Si ou menm oswa pitit ou vle patisipe nan Pwogram Kouri sa a, tanpri ranpli LÒT KOTE FÒM SA A epi remèt li ansanm ak peman ou bay pwofesè a oswa mentor la avan 18 avril 2025. Akòz dat limit kous la, nou pa aksepte enskripsyon an reta, SAN EKSEPYON!

***Chèk yo ta dwe peye bay:
Lawrence Township School Foundation***

NOU BEZWEN ÈD OU! VIN VOLONTÈ POU KOUS LA.

Tanpri konsidere bay tan ou pou ede elèv LT yo lè w volontè nan Prairie Dash 5K. Volontè yo dwe rive nan Conner Prairie a 7 am jou kous la. Enfòmasyon adisyonèl, tankou enstriksyon pou pakin, ap voye bay volontè yo anvan kous la. *Si w enterese vin volontè, tanpri voye yon imèl bay Direktè Operasyon & Evènman LTSF, Caitlin Enright nan caitlinenright@msdlt.k12.in.us* avan 1 me 2025.